



Nzero 2024

*kirundi*

# Ntutinye ubuzima!

**Jewe ndi inzira, ukuri n'ubuzima!**

(Yohani 14,6)

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

**Mobil.:** +49-172-5638432  
**Mail:** [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
**Homepage** [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

Bakunzi b'Ijambo,

Kenshi ubuzima buradusaba gufata ingino zitama zoroshe gushikako. Mu gutora inzira y'ukuri, tubanza kwiyumvira tugateka umutwe mu nzira nyinshi, tukabaza n'abagenzi tukabona guca ikanda intumbero ingingo yacu yofata. Ariko no muri ico gihe haguma hariho ukutajijuka muri twebwe, na cane cane iyo turi mu bantu bari hejuru, dukeneye igikingira ingongo dufata.

Ivyo Yezu yari abizi. Niho yahavuye abwira abagenzi biwe ati ; „Jewe ndi inzira, ukuri n'ubuzima“. Muri ivyo rero aratwubahuye gufata inzira itujana mu buzima. Araduhaye n'ingoga zo kwama tumeze magabo mu bihe bigoye, tukabandanya inzira. Kukaba nkako ni We ari inzira tubwirizwa gucamwo. Ivyo rero birashobora kuturemurura bikanaduha umwizero n'ingoga mu gufata ingingo, n'aho twoba turemye 70 canke 80%. Alfred Delp niwe yaresheje abasangirarugendo biwe mu bihe bigoye ati: „Ni muze ntutinye ubuzima, kuko Imana ibana natwe“. Igihe nabanje gufata ingingo yo gutambuka, niho nca ntoro ukuri kuri mu buzima bwanje.

Yarakunda umuryango wiwe kuruta vyose. Ariko igihugu ciwe nticashobora kumuha kwiteza imbere no guteza imbere ubuzima bwiwe nk'uko yavyipfuzza. Niho rero yatangura kwiga kidagi. Hanyuma arondera akazi k'umutangakivi mu Budagi. Amaze guca mu bintu vyinshi vyamuhimbaye muri uyo mwaka,, niho havuka muri we ikibazo : mbega ngume ng'aha? Ubwo vyonkundira ko mbona hari ibikibuze? – Araheza afata umugambi wo kuhaguma. Aca rero atangura kwiyonzeza ivyigwa, arasozeza ivyogwa mpamyabumenyi. Ariko haguma havuyuka ibindi bibazo. Hakurikiye amezi yo kujuragirika. Yaragumyeke, aronkera ubukomezi mu kwemera mwiwe, no mu kuvugana n'abantu baza barahwana. Niho rero yaronka akazi k'igihe gito mw'ishure. Ico gihe kimaze kurangira, yararonse akandi kazi mu rindi shure ryo mu micungararo. Mu birori vyo kumusezera, haraje abigisha batari bake. Warumva vy'ukuri ko bamukunda. Avuga ati : „mu ndwi iza nzoba ndi mu rindi shure! Ndababaye kubona mbwirijwe kuva mu rya kera. Ariko nta nkenka, bizoba bihimbaye kuba mu rindi shure hamwe n'abandi bakozi be n'abanyeshure bashasha!“ – **Ntutinye ubuzima!**

Kubwa go4peaceTeam

Meinolf Wacker